

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar kacindekan tina panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan-panalungtikan ka hareupna.

5.1 Kacindekan

Novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna mimiti medal dina taun 2003 nu diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama. Ieu novelét téh nyaritakeun hiji leuweung nu masih weuteuh jeung can karanjah ku manusa sarta diwuwuhan ku kahirupan masarakatna nu masih percaya kana mitos. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif kalawan téhnik studi pustaka. Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis: 1) struktur carita dumasar tiori Robert Stanton nu ngawengku téma, fakta carita (galur, tokoh jeung watek, latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya basa) sarta 2) ékologi sastra nu nyangkaruk dina ieu novelét. Dina nganalisis ékologi, panalungtik ngadumaniskeun antara tiori Endraswara jeung Garrard nu ngawengku tilu analisis, nyaéta kritik ékologi, hubungan tokoh jeung lingkungan, sarta latar ékologi.

Téma ieu novelét nyaéta ngeunaan leuweung tutupan nu dimitoskeun ku masarakat Haur Geulis sangkan teu karanjah ku manusa. Masarakat di dinya percaya yén saupama aya jalma nu asup ka éta leuweung, moal bisa balik deui lantaran dianggap dibawa ku dedemit nu ngageugeuh éta tempat.

Fakta carita ngawengku galur, tokoh jeung watek sarta latar. Fakta carita tina ieu novelét nyaéta: a) galur tina ieu carita nyaéta galur maju, katitén tina caritana nu ngaguluyur ti mimiti nepi ka ahir carita, b) tokoh tina ieu novelét kawilang réa, Emod minangka tokoh utama jeung tilu puluh tokoh tambahan. Tokoh nu sok disebutkeun sanggeus tokoh utama nyaéta Rina, Diran, Imas, Rudi, Anis, Pa Oding, Bu Éni, Pa Kuwu, Wardi, jeung Aki Minta, jeung c) latar tina ieu carita ngawengku tilu latar, nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat dina ieu novelét kawilang réa, anapon latar utamana nyaéta di pilemburan jeung sawah. Latar waktu nu kapanggih dina ieu carita kawilang réa, ti mimiti isuk nepi ka isuk deui. Anapon latar sosialna nyaritakeun kahirupan urang lembur

nu percaya kana mitos. Di sagédéngeun éta, disabit-sabit ogé ngeunaan pakasaban jeung kabiasaan-kabiasaan nu dipilampah ku urang lembur.

Sarana sastra tina ieu novelét ngawengku judul, puseur implengan, jeung gaya basa. Sarana sastra tina ieu novelét nyaéta: a) judul *Mistéri Haur Geulis* geus ngawakilan sakabéh eusi nu aya dina carita, b) puseur implengan nu digunakeun ku pangarang nyaéta jalma katilu-teu kawatesanan. Éta hal katitén tina carita anu ditepikeun ku pangarang nu nyaritakeun unggal kajadian nu karandapan ku tokoh. Basa nu digunakeun ku pangarang nyaéta basa sapopoé, jeung c) gaya basa nu kapaluruh tina ieu novelét kawilang réa, nyaéta ngupamakeun (*simile*), lalandian (*metafora*), mijalma (*personifikasi*), silib (*alegori*), kadalon (*pleonasmeu*), kahanan, rarahulan (*hiperbola*), ngasor (*litotes*), pamulang (*antitesis*), raguman (*sinekdoke*), jeung rautan (*eufimismeu*).

Ékologi sastra nu dipedar ngawengku kritik ékologi, tokoh jeung lingkungan, sarta latar ékologis. Ékologi sastra nu kapanggih nyaéta: a) kritik ékologi nu dipedar ngeunaan konsép-konsép alam nu diadumaniskeun jeung pamadegan Garrard ngawengku pencemaran, leuweung geledegan, bencana, padumukan, sasatoan, jeung bumi. Kapanggih 284 kecap nu patali jeung konsép-konsép alam nu digunakeun ku pangarang dina eusi carita, b) hubungan tokoh jeung lingkungan digambarkeun ku pangarang ngaliwatan paripolah tokoh, dialog tokoh, jeung pikiran tokoh nu dicaritakeun sacara gembleng ku pangarang, sarta c) latar ékologis nu kapaluruh dina ieu carita nyaéta di pilemburan saperti walungan, sawah, kebon, jeung balong.

Kacindekanana, novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna miboga unsur carita nu lengkep. Éta hal katitén tina struktur carita nu lengkep nyaéta ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Salian ti éta, kapanggih konsép-konsép ékologi sastra tina ieu novelét tina wengkuan kritik ékologi, hubungan tokoh jeung lingkungan, sarta latar ékologis.

5.2 Implikasi

Dumasar hasil analisis nu dipedar, unggal panalungtikan nu dilaksanakeun tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkér. Implikasi tina ieu panalungtikan nu medar ngeunaan struktur jeung ékologi sastra dina novelét *Mistéri Haur Geulis*

karya Dadan Sutisna dipiharep miboga kaonjoyan nu bisa dipaluruh, nyaéta bisa nambahan wawasan unggal jalma nu maca jeung ngeuyeuban panalungtikan dina widang sastra hususna nu patali jeung ékologi sastra. Tétéla masih kénéh loba hal nu kudu diguar dina panalungtikan nu medar ngeunaan ékologi sastra.

5.3 Rékoméndasi

Aya sawatara rékoméndasi anu ditepikeun ku panalungtik pikeun kajembaran panalungtikan ka hareupna, nyaéta:

- 1) pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa jadi bahan référénsi sangkan nyampurnakeun panalungtikan séjénna;
- 2) pikeun guru, dipiharep bisa ngeuyeuban bahan pangajaran di sakola nu maluruh ngeunaan ajén-inajén lingkungan; jeung
- 3) pikeun masarakat umum, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa jadi tatapakan pikeun nepikeun hal-hal nu disabit-sabit dina eusi carita, nyaéta ngawanohkeun lembur budaya jeung unsur-unsur nu aya di pilemburan ka generasi satuluyna sangkan bisa tuluy hirup réréndéngan jeung alam sabudeureun.